

Divizyon Jistis Jivenil ak Opòtinite pou Jèn yo (Division of Juvenile Justice and Opportunities for Youth)

Kesyon moun Poze Souvan pou Jèn yo

Dokiman sa a se pou ou si w ap prepare w pou w antre nan yon pwogram Jistis jivenil OCFS. Nou konprann ou ka nan konfizyon, men nou la pou n ede w. Anndan an, ou pral jwenn enfòmasyon sou sa w ap atann nan, sou dwa w yo, ak kote w ap jwenn sipò. Kit ou gen kesyon oswa ou bezwen konsèy, nou la pou n ede w konprann epi ede w jwenn sipò ou gen bezwen. **Si ou gen kesyon adisyonèl, tanpri kontakte responsab dosye w la.**

1. Kikote yo pral plase m? Kote yo pral plase m nan, ki distans li ye ak vil mwen an oswa vil mwen fèt la?

OCFS eseye plase jèn yo pre lakay yo lè sa posib. Sepandan, ka gen lòt pwoblèm ki gen rapò ak pwogram yo oswa ak yon seri sèvis ki oblije yo plase jèn yo pi lwen lakay yo.

2. Si m gen fanmi ak zanmi nan Depatman Sèvis Koreksyonèl ak Sipèvizyon Kominotè Eta New York la (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) Èske yo ka plase m kote yo olye yo mete m nan OCFS?

Non. Selon lalwa, jèn ki gen mwens pase 21 lane, yo kondane kòm yon AO oswa JO, yo dwe plase yo nan OCFS la. Sa vle di, menmsi w gen 18, 19 oswa 20 lane, ou pral nan yon etablisman OCFS an premye. Si oswa lè yo transfere w nan DOCCS, DOCCS ap deside ki kote pou yo plase w. DOCCS pa plase fanmi, zanmi, oswa ko-akize yo ansanm nòmalman.

3. Nan konbyen tan fanmi m ap kapab vizite m? Kiyès ki pral ede yo vin wè m?



Fanmi w ka vin vizite w nan yon ti kras tan apre yo fin plase w nan yon etablisman OCFS. Responsab dosye etablisman w lan pral ede w kowòdone vizit yo epi responsab dosye kominote w la (CMSO) ka ede w si fanmi w bezwen transpò.

4. Èske OCFS ofri vizit videyo si fanmi m oswa moun ki pwòch mwen pa ka vini nan etablisman an?

Wi. Tout etablisman yo gen vizit videyo.

5. Mwen pral wè yon doktè oswa yon dantis?

Ou pral wè toude: sante w ak byennèt ou enpòtan anpil epi se yo ki pral priorite pandan tout tan w ap pase ak nou yo. Nou gen yon ekip medikal



(doktè, medsen asistan, enfimyè pratisyen, ak enfimyè) ki pral wè w souvan epi ba w swen medikal ou bezwen yo. Ou pral wè yon dantis tou epi w ap gen pou w fè yon egzamen dantè ak netwayaj regilyèman pou dan w yo pandan w nan etablisman OCFS la. Epitou, pandan ou avèk nou an, n ap jere nenpòt bezwen medikal espesyal ou ka genyen.

6. Èske m ap gen pou m patisipe nan seyans terapi-konsèy? Konbyen fwa?

Seyans terapi-konsèy yo fè pati pwogram etablisman an epi gen seyans terapi-konsèy endividyèl ak seyans terapi-konsèy an gwoup. Lè w vini premye fwa nan yon etablisman, ou pral resevwa yon evalyasyon klinik. Evalyasyon sa a pral detèmine orè w ak klinisyen ou a. Si w santi w bezwen wè klinisyen ou a pi souvan oswa ou bezwen rezoud yon pwoblèm ou genyen menm kote a, ou ka toujou mande pou w rankontre ak klinisyen ou a. Kowòdonatè sipò pou jèn (youth support coordinator, YSC) ki nan etablisman ou a ap gen pou anime kèk nan seyans yo. Si w bezwen èd akòz pwoblèm ki gen pou wè ak sante mantal, konsomasyon dwòg oswa konpòtman seksyèl ki nwizib, yo ka plase w nan yon inite ki espesifikman jere pwoblèm sa yo.

7. Èske m ap kapab kontinye ak etid/fòmasyon m yo?

Wi. OCFS gen pwogram edikasyon tou ansanm ak posiblite pou pran fòmasyon pwofesyonèl epi fòmasyon nan espas pwofesyonèl (on-the-job training, OJT)

8. Ki tip espò oswa aktivite etablisman OCFS yo genyen?

Òf yo depann sou etablisman an, men ou ka jwenn baskètbòl, badmintonn, volebòl, sofòbòl, ak foubòl. Etablisman yo ka genyen tou desen grafik, gastwonomi, metye kontriksiyon, siyalizasyon OSHA, ak serigrafi. Nan òf adisyonèl yo ou ka jwenn atizay, enprimant 3D, ebenis, jadinay, yoga, zoumba, meditasyon, atizay ak pwodiksyon mizikal, potye, kwafè, ak anpil lòt bagay.

9. Èske ap gen aktivite k ap fèt deyò batiman an?

Si se yon tribinal familyal nan New York ki te plase w kòm yon JD epi ou atenn yon sèten



nivo reyisit, ou ka gen otorizasyon pou w ale nan aktivite k ap fèt deyò etablisman an, tankou match espòtif, pyès teyat, fim,

kous cheval, pak akwatik, oswa evènman kominotè. Si se yon tribinal penal ki te plase w kòm yon AO oswa JO, aktivite deyò kanpis yo plis limite pou ou. Ou ka gen otorizasyon pou w asiste kèk evènman oswa konpetisyon entè-etablisman ak lòt lekòl.

10. Èske m ap kapab itilize Facebook oswa lòt rezo sosyal?

Non, ou pa ka itilize rezo sosyal, pandan ou rete nan yon etablisman OCFS.

11. Kiyès mwen ka mete nan lis kontak telefòn mwen?

Ou ka resevwa resevwa apèl vizit videyo fanmi pwòch ou yo, tankou paran w, boparan, oswa responsab legal ou. Yon frè/sè, matant, tonton, kouzen/kouzin, oswa grann/granpapa kapab rele w tou. Nan kèk ka, lòt moun k ap bay sipò ka jwenn otorizasyon pou rele w. Ou toujou gen otorizasyon pou w kontakte defansè dwa OCFS la (defansè jèn yo) oswa avoka w.

12. Mwen se yon paran. Èske m ap kapab wè timoun mwen pandan mwen nan yon etablisman?

Wi, si w se yon paran, timoun ou kapab vizite ou lè w nan yon etablisman OCFS. Tanpri fè responsab dosye etablisman ou a konnen, ou se yon paran epi ou vle gen vizit ak timoun ou.

13. Èske OCFS gen klas pou paran aprann leve timoun?

Wi. OCFS travay ak pwogram kominotè ki bay klas aprann leve timoun epi klas pou pran swen timoun pou jèn ki ak timoun yo oswa sa ki pa lontan vin paran yo.

14. Èske OCFS gen pwogram pou frè ak sè m yo lakay la?

Si fanmi w ap resevwa sèvis prevantif nan sikonskripsyon an oswa li gen yon dosye ouvè devan tribinal familyal la, sikonskripsyon ou a ka toujou travay ansanm ak frè ak sè w yo. OCFS òganize evènman nan jounen familyal la an menm tan, nan etablisman an ak nan kominote a kote nou envite frè ak sè w yo pou yo vin asiste. Ou ka mande Kowòdonatè sipò pou jèn (youth support coordinator, YSC) ou a konsènan lòt posiblite ki egziste pou frè ak sè w yo tou.

15. Èske yo ka plase m nan yon inite diferan anndan etablisman m nan?

Sa se desizyon etablisman an. Si w santi w pa an sekite ou gen enkyetid akòz yon pwoblèm ki genyen nan inite w la, ou dwe pale sa ak Kowòdonatè sipò pou jèn (youth support coordinator, YSC) ou a oswa administrasyon etablisman ou a. Yon etablisman pa pral chanje inite w la jis paske w vle menm kote ak zanmi w ki nan yon lòt inite

16. Kisa k ap pase nan OCFS si m vylòle règ yo? Èske y ap voye m nan DOCCS?

Gen diferans nan règ k ap aplike yo selon laj ou epi si se tribinal familyal ki te plase w oswa tribinal penal. Jèn (JD yo) tribinal familyal te plase nan OCFS yo, yo pa ka transfere yo bay DOCCS. Si yon jèn-JD vyòle yon règ, selon vyolasyon an, yo ka repouse dat liberasyon li a oswa yo ka transfere l nan yon etablisman sekirize OCFS pou tout rès tan plasman li a. Si se yon tribinal penal ki te kondane epi plase yon jèn nan gad nan OCFS kòm AO oswa JO epi yo vyòle yon lwa, konsekans

yo diferan. Si yon AO/JO vyole yon règ, sa ka fè l pèdi yon bagay ki rele “bon tan”. Si konpòtman yon AO/JO koreponn ak youn nan faktè ki nan 9 NYCRR § 175-4.3 a epi li gen 18 an oswa plis laj, yo ka transfere l nan DOCCS. (Visite <https://govt.westlaw.com/nycrr/Document/I4f1215afcd1711dda432a117e6e0f345> pou plis detay.)

17. Tan m te fè nan prizon an ap konte nan tan plasman an?

Si se yon tribinal familyal ki te plase w nan OCFS, jij ki te plase w nan gad nan OCFS la ap detèmine si tan ou te fè nan prizon an konte nan tan total w ap fè nan OCFS la. Ou pral resevwa yon kredi otomatikman pou plasman ou a, sof si òdonans tribinal la endike espesifikman, tan ou te fè nan prizon an pa konte nan tan plasman an. Si se yon tribinal penal ki te kondane w pou w vin nan OCFS, ou pral resevwa yon kredi otomatikman pou tan w ap fè nan OCFS la.

18. Èske mwen ka redui pèn mwen?

Si se yon tribinal familyal ki te plase w kòm yon JD, jij la plase w nan OFCS pou yon kantite tan. Si ou reyisi nan yon pwogram etablisman an, yo ka libere w pi bonè pase tan yo te fikse a nan etablisman an, menmsi yo ka kite w sou siveyans CMSO lè



w retounen nan kominote a. Si se yon tribinal penal ki te plase w kòm yon AO oswa JO, yo te kondane w pou w pase

yon kantite tan nan yon etablisman oswa ou gen yon minimòm epi yon maksimòm tan kondanasyon. Selon konpòtman w ak reyisit ou pandan ou nan etablisman an, ou ka benefisye yon bagay ki rele “bon tan” sa ki pral diminye nan tan yo te fikse pou w pase nan etablisman OCFS la oswa, si yo te transfere w nan DOCCS, nan tan pou w te pase nan DOCCS la. Sepandan, si konpòtman w mete sekirite moun an danje souvan — pa egzanp, yo jwenn ou ak kontrebann, oswa w

ap agrese lòt moun – ou ka fè fas ak yon seri akizasyon penal siplemantè epi yo ka ajoute sou tan kondanasyon ou a.

19. Mwen gen lòt dosye ki louvri kont mwen. Èske OFCS ap kenbe dat odyans ak liberasyon kondisyonèl mwen yo?

Wi, OCFS pral kowòdone ak sal odyans lan ak DOCCS pou n asire n, ou respekte dat odyans ou yo ak dat odyans devan Komisyon liberasyon kondisyonèl la.

20. Si fanmi m al rete nan yon lòt eta lè m nan yon etablisman OCFS, èske y ap gen pou transfere m nan eta sa a?

Yo p ap gen pou transfere w nan yon lòt eta pandan ou plase nan yon etablisman OCFS oswa si yo transfere w nan yon DOCCS. Si ou se yon JD, OCFS pral travay ak fanmi w epi nouvo eta yo a pou pèmèt ou al rete nan eta sa a lè yo libere w. Si ou se yon AO, JO, DOCCS ap gen pou deside si yo pral pèmèt ou kite Eta a lè yo libere w

21. Èske m ka jwenn yon travay nan etablisman an epi apre plasman an?

Wi. Etablisman an ofri posiblite fòmasyon nan espas pwofesyonèl (on-the-job training, OJT) pou jèn ki reponn ak yon sèten egzijans reyisit. Etablisman ou a ak asistan sosyal kominotè ou a ka ede w nan tranzisyon pou w jwenn yon anplwayè ki pral aksepte sètifika ou te pran pandan ou te nan etablisman an.

22. Èske m ap ka jwenn yon konseye pou ede m jwenn yon kondisyon lavi yon lòt kote, si m pa vle tounen lakay mwen apre plasman an?

Wi. Premye chwa OCFS se pou voye jèn yo tounen lakay yo oswa al jwenn moun k ap ba yo jere yo. Men, si sa se pa bon opsyon an pou ou, ekip sipò ou a pral travay pou jwenn yon lòt opsyon liberasyon oswa yon sitiasyon aranjman rezonab pou debwouye w nan lavi.

23. Jij la te òdone pou m fè travay kominotè; kouman m ap ka konplete èdtan sa yo?

Responsab dosye kominotè ou a pral ede w jwenn posiblite sèvis kominotè pou w ka konplete èdtan travay ou yo depi w fin tounen nan kominote a.